ижодий иштиёқини ривожлантириш учун шароит яратиш.

Физика таълимида лаборатория машғулотларини модулли технология асосида ўқитишда унинг назарий ва амалий методологияси қуйидаги омилларга эътиборни қаратишни тақоза этади: физикани қизиқарли, содда, оддий, ихчамлаштирилган элементлар асосида ўқитиш; ўқув материали мазмунини ўқувчига қайси методлар билан етказиш масаласи; бўлажак физика ўқитувчиларининг шахсий сифатларини инобатга олишлик.

Хулоса ўрнида шуни айтиш мумкинки, амалиёт бу технологиянинг самарадорлигини тасдиқлайди: ўқув юкламаси камаяди, умумий ва хусусий даражаларда билимларни чуқурлаштиришга, яъни таълим олувчиларни ривожлантиришга сарфлаш зарур бўлган ўқув вақт тежалади. Таълим олувчилар катта қизиқиш билан топшириқларни бажаришади, уларнинг фанга бўлган қизиқишлари ҳам ортади.

**Адабиётлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2018 йил 5 июндаги ПҚ-3775-сонли “Олий таълим муассасаларида таълим сифатини ошириш ва уларнинг мамлакатда амалга оширилаётган кенг қамровли ислоҳотларда фаол иштирокини таъминлаш бўйича қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида”ги Қарори (www.lex.uz).
2. Гомулина Н.Н. Применение новых информационных и телеком- муникационных технологий в школьном физическом и астрономическом образовании. Дис. … канд. пед. наук. - М.: МПГУ. 2003. -С. 332.
3. Билолов И.У. Методика проведения лабораторных занятий в процессе обучения физике с применением персональных ЭВМ. Автореф. дис. …канд. пед. наук. -Т.: УзНИИПН. 1992. -С. 23.
4. Турсунметов К.А., Шералиев С.С., Ҳамидов В.С. Механик тўлқинлар мавзуси бўйича мультимедиали маърузаларда компьютер технологияларидан фойдаланиш. // «Узлуксиз таълим». -Тошкент: 2010. №4. 89-92-б.
5. Қосимов Ш.У. Амалий касбий таълимда лаборатория ишларини ташкил қилиш ва ўтказиш методикаси. // “Халқ таълими” илмий-методик журнали. -Тошкент: 2018. №1. 96-99-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада лаборатория ишларини ташкил қилиш ва ўтказиш методикаси масалалари баён этилган. Муаллиф модулли таълим технологияси ва уни лаборатория ишларини бажаришда қўлланишнинг педагогик асослари ҳақида маълумотлар бериб ўтган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье освещаются вопросы организации и методики проведения лабораторных работ. Приводится информация о модульной технологии и о педагогических основах её применения при выполнении лабораторных работ.

**SUMMARY**

The article is devoted to the issues of organization and methods of carrying out laboratory work. It contains the information about module technology and pedagogical bases of their use in performing laborary work.


## ТАРИЙХ САБАҚЛАРЫНДА ТАРИЙХЫЙ ДЕРЕКЛЕРДЕН ПАЙДАЛАНЫЎ УСЫЛЛАРЫ


**Р.А.Баўетдинов -** *тарийх илимлери кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты жанындағы халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў аймақлық орайы*



**Таянч сўзлар:** тарих, тарихий манбалар, моддий ва ёзма манбалар, манбашунослик, тарихий хотира, археологик топилмалар, саёҳат дарслари, музей экспонатлари.

**Ключевые слова:** история, исторические источники, материальные и письменные источники, источниковедение, историческое воспоминание, археологические находки, уроки экскурсий, музейные экспонаты.

**Key words**: history, historical sources, material and written sources, source study, historical memory, archaeological findings, excursion lessons, museum exponents.


Әййемги жәмийет дәўирлеринен-ақ түрли түсиниклер ҳәм дүнья таныўшылық пенен бирге тарийхый билимлер де топланып әўладтан – әўладқа өтип отырған. Өз урыўы ҳәм қәўими тарийхын билген адамлар, жәмәәт арасында үлкен абыройға, ҳүрмет-иззетке ийе болған. Ең дәслепки дәўирлерден баслап-ақ, өз ана тилин, әдебиятын, тарийхын, ата-бабаларының басынан кеширген ўақыяларын тереңирек билиўге қызығыўшылық жоқары дәрежеде болып келген. Олар туўралы түрли аңызлар, ертеклер, дәстанлар, тарийхый жырлар, нақыл-мақаллар дөреткен. Бул дереклерде халық турмысы, өткендеги тарийхый жағдайлар туўралы көплеген мағлыўматлар сақланған болып, халықлардың сана-сезими, әсиресе тарийхый санасы өз сәўлелениўин тапқан.

Адамзат тарийхының ең үлкен ҳәм узақ дәўирлерин өз ишине алатуғын дәўири бул жазыў пайда боламан дегенге шекемги басқыш болып табылады. Әййемги жәмийет дәўириндеги тарийхый дереклер материаллық ҳәм руўхый дереклер түринде сақланып бизге шекем келип жеткен.

Илимниң тастыйықлаўы бойынша, буннан 5 мың жыллар бурын жазыўдың пайда болыўы менен жазба шығармалар жаратыла баслаған. Дәслепки жазыўлар материаллық затлар, таслар, ҳайўан терилери, ағашлар ҳәм тағы да басқа буйымларға жазылған. Жазба дереклердиң пайда болыўы менен келеси әўладларға жүдә көплеген тарийхый мағлыўматлар, сиясий искерлер, патшалар, олар жүргизген сиясат, алып барылған урыслар, мәмлекетлер тарийхын жеткерип бериў имканияты кеңейди. Мәмлекетлер тарийхы ҳәм буннан мыңлаған жыллар бурын жасаған халықлардың социаллық жағдайлары, олардың салық төлемлери, турмыс тәризи ҳәм өмириниң басқа да тәреплери туўралы мағлыўматлар, сол дәўирлерге тийисли тарийхымызды үйрениўде айрықша әҳмийетке ийе болады.

Мәселен, Орайлық Азия мәмлекетлериниң әййемги тарийхы бойынша зораастризм дининиң муқаддес китабы Авесто, Иран патшасы Дара I ниң Беҳустин жазыўлары ең дәслепки жазба естелик болыўы менен бирге, ең дәслепки жазба тарийхый дереклерден болып есапланады.

Тарийхый дерек-дегенде узақ өтмиштен бизге шекем жетип келген тәбият ҳәм жәмийет ўақыялары сәўлелендирилген материаллық ҳәм руўхый естеликлерди түсинемиз.

Дереклерди үйрениў, оларды тарийх сабақларында нәтийжели пайдаланыў, сөзсиз жаслардың тарийх пәнине болған қызығыўшылығының артыўына, тарийхый билимлердиң терең өзлестириўине, жоқары мәнаўиятлы перзентлер болып жетилисиўине унамлы тәсирин тийгизеди. Биринши Президентимиз И.Каримов «Мәнаўият ҳәм мәдениятты тиклеў, туўылып өскен журтында басын бәлент көтерип жүриў ушын инсанға, әлбетте, тарийхый еслеў керек» деген еди [1:13].

Билимниң сапасы ҳәм нәтийжелилигине ерисиў билимлендириў тараўындағы ең актуаль мәселе есапланады. «Билимлендириў ҳаққында»ғы Нызамда ҳәм «Кадрлар таярлаўдың Миллий бағдарламасы»нда белгилеп қойылғанындай, ҳәр тәреплеме билимли, раўажланған, еркин пикирлейтуғын, ҳәр қандай жағдайда өз билими менен шешим таба алатуғын жасларды жетилистириў тәлим-тәрбияның баслы ўазыйпасы. Еркин

пикирлеўдиң инсан ушын әҳмийети ҳаққында биринши президентимиз И.А.Каримов, «Демократиялық жәмийетте балалар, улыўма, ҳәр бир инсан еркин пикирлейтуғын етип тәрбияланады. Егер, балалар еркин пикирлеўди үйренбесе, берилген билимниң нәтийжеси төмен болыўы турған гәп. Әлбетте, билим керек. Лекин, билим өз жолына. Еркин пикирлеў де үлкен байлықдур» - деп атап өткен еди [2].

Оқыўшы жаслардың пикирлеў дәрежесин раўажландырыўда тарийх пәнининң орны гиреўли. Бүгинги күн жасларына тарийхый билимлерди бериўде тарийхый дереклерден кеңнен пайдаланыў әҳмийетли мәселе болып табылады. Бул бағдарда тарийхый дереклерден нәтийжели пайдаланыўдың орны гиреўли. Тарийхый дереклер Өзбекстан, Орайлық Азия тарийхы бойынша оғада көп болып, узақ жыллар даўамында бул бағдарда жетерли дәрежеде арнаўлы изертлеўлер алып барылмады. Мәмлекетимизде «Деректаныў» илими бойынша көлемли изленислер ғәрезсизлик жылларында әмелге асырылып, елимизде бул илимниң негизин салыўшы ретинде академик Б.Ахмедовты айтып өтсек, қәтелеспеген боламыз. Соның менен бирге, бул тараўда илимий-изертлеўлер алып барған алымлардан: А.Ҳабибуллаев, А.Мадреймов, М.Хасаний, Қарақалпақстан деректаныўы бойынша А.Жалилов ҳәм М.Тлеўмуратовларды атап өтиў орынлы.

Тарийхый дереклерди топлаў, үйрениў ҳәм оннан тарийх сабақларында нәтийжели пайдаланыў, пән муғаллими тәрепинен сабаққа қойылған мақсетке жетиўине кең имканиятлар береди. Буның ушын, оқытыўшы тек сабақлық пенен шекленип қалмастан, косымша дереклерден пайдаланыўды талап етеди. Сонлықтан да, сабақларды көбирек тарийхый дереклерден пайдаланыў негизинде шөлкемлестириў билим, көнликпе, қәбилеттиң қәлиплесиўинде айрықша орын ийелейди. Бундай сабақларды қандай шөлкемлестирсе болады**?**

Бириншиден, оқытыўшының темаға байланыслы сабақлыққа қосымша материаллық ҳәм жазба дереклерден пайдаланған ҳалда сабақты шөлкемлестириўи мақсетке муўапық. Оқытыўшыдан тема бойынша материаллар топлаў, олардың тийкарында тарқатпа материаллар, көргизбе қураллар таярлаўы талап етиледи. Сабақ барысында сабақлықта жоқ, қосымша мағлыўматлардың келтирилиўи оқыўшылардың сабаққа дыққатын жәмлейди. Бундай жағдайда оқытыўшы тәрепинен берилген мағлыўматлар дыққат пенен қабыл етиледи ҳәм өзлестириледи. Себеби, оқыўшылар бул мағлыўматларды сабақлықта ушыратпаған, олар ушын бул жаңалық. Қызығыўшылығы оянған оқыўшылар өзлерин сынап көриў мақсетинде көргизбе қуралларды өз бетинше ислеп көриўге ҳәрекет етеди. Бундай ҳәрекетлер оқыўшыларда тарийх сабақларына, тарийхты билиў ҳәм үйрениўге қызығыўшылығын және де арттырады. Биз жоқарыда атап өткен алымларымыздың деректаныў пәни бағдарындағы изертлеўлери нәтийжелеринен сабақ барысында пайдаланыў оқыўшыларда тарийхый мағлыўматларды өзлестириў дәрежесин ҳәм нәтийжелилигин еле де арттырыўға имканият береди.

Екиншиден, оқытыўшы тәрепинен көшпели сабақларды шөлкемлестирип, билим бериў методикасынан пайдаланыўы тарийхый билимлердиң сапасы ҳәм нәтийжелилигин және де жетилистириўде айрықша әҳмийетли. Бул түрдеги сабақлардың биринши түри оқыўшылар менен тарийхый орынларға саяхатқа шығыў ўақтында шөлкемлестирилиўи жақсы нәтийже береди. Саяхат барысында белгили тарийхый естеликтиң пайда болыўы ҳәм изертлениў тарийхы ҳаққында мағлыўмат бериледи. Бул естеликтен табылған археологиялық материаллар, алымларымыздың бул жердеги адамлар турмысы ҳаққындағы илимий жуўмақлары, естеликтеги ҳәр қыйлы дәўир қурылысларының атқарған хызметлери бойынша мағлыўматлардың берилиўи оқыўшылардың сабаққа қызығыўшылығын арттырады. Өзлери көриў ҳәм қоллары менен услаў арқалы билген тарийхый мағлыўматлар оқыўшылардың ядында узақ ўақыт сақланыўы, соның менен бирге, оларда тарийхқа қызығыўшылық, өзлери де тарийхый дереклерди табыў, изертлеўге болған интасының ояныўына түртки болады.

Бул түрдеги сабақлардың және бири оқыўшылар менен музейлерге барыў, өзлестирилген билимлерди беккемлеў сабағын өтиўди шөлкемлестириў усылы. Музей сабақларында оқыўшылар тарийхый экспонатлар, ата-бабаларымыздың турмыста қолланған буйымлары менен танысады. Тарийхый экспонатларды тамашалаў арқалы, олардың пайда болыў дәўири, атқарыў хызметлери, бизге шекем келип жетиў тарийхы бойынша мағлыўматларды биледи. Сабақ барысында көрсетилген археологиялық табылмалар, буйымлар, тарийхый қолжазбалар, көркем картиналар оқыўшыларда үлкен тәсир қалдырады. Балалар бул буйымлардың қандай мийнетлер менен жетистирилгени, дөретилиў тарийхы ҳаққында кең түсиниклерге ийе болады. Буйымлардың жоқары дәрежеде шеберлик ҳәм инта менен исленгенлигине гүўа болған балалар, өзгелердиң мийнетин қәдирлеўди үйренеди. Мысалы**:** Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик үлкетаныў, Савицкий атындағы Мәмлекетлик Көркем-Өнер музейинде тарийхымызға тийисли көп муғдарда экспонатлар жәмленген болып, олардың ишинде атап айтсақ, Қойқырылған қала, Топырақ-қала макетлери, Зардуштийлик динине байланыслы оссуарийлер, әййемги тас қураллары, қурал-жарақлар көргизбелери сақланған. Сондай-ақ, халқымыздың миллий мәденияты үлгилери болған кийим-кеншеклер, безениў, үй-руўзыгершилиги буйымлары ҳәм тағы да басқа экспонатлар орын алған. Бердақ миллий музейинде ески қолжазба китаплар, Даңқ музейинде түрли тараўларда жемисли мийнет еткен пидайы инсанлардың мийнет ерликлери ҳаққында мағлыўматлар орын алған. Бул дереклер менен танысыў арқалы оқыўшыларда сабақлықтағы белгили темалар көлеминде алған билимлери әмелий түрде беккемленеди. Сабақ барысында оқытыўшыдан алған мағлыўматларын оқыўшылардың тиккелей өзлери тамаша қылыўы билимниң өзлестирилиў дәрежесиниң нәтийжелилигин тәмийинлейди.

Соның менен бирге, сабақта тарийхый дереклерден пайдаланыў оқыўшыларда қалалар қурылысы, мәмлекетлердиң дүзилиўи, адамзат жәмийетиниң раўажланыў басқышлары ҳаққында тарийхый ой-пикирлердиң раўажланыўына унамлы тәсир көрсетеди. Демек, бул түрдеги сабақлар биринкиден, оқыўшылардың тарийх сабағына болған қызығыўшылығын оятса, екиншиден, олардың кең көлемде тарийхый мағлыўматларға ийе болыўына, үшиншиден, тарийхый дереклер менен ислесиў усылларын үйрениўге, сондай-ақ, тарийхыймәдений мийрасларымызды қәстерлеп сақлаў ҳәр бир пуқараның миннети екенлигин түсинип алыўға мүмкиншилик жаратады. Солай етип, сабақта билим бериўдиң натийжелилигин арттырыўға, оқыўшылар тәрепинен ийелениўи тийис болған билим, көнликпениң мазмунын байытыўға имкан береди. Олардың руўхый дүньясының және де өсиўине, жәмийеттиң алдыңғы ой-пикирдеги инсанлары болып жетилисиўине хызмет қылады.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўк. -Т.: 1998, 13- б.
2. Каримов И.А. «Әмелге асырып атырған реформаларымызды және де тереңлестириў ҳәм пухаралық жәмийетин қурыў – жарқын келешегимиздиң тийкарғы факторы. Өзбекстан Республикасы Конституциясының қабыл етилгенине 21 жыл толыў

мүнәсебетине бағышланған салтанатлы мәжилистеги баянаты. 2013-жыл 6-декабрь.» /«Еркин Қарақалпақстан», 20130 7-декабрь.

3. Ишмухаммедов Р. Инновацион технологиялар жәрдеминде тәлим нәтийжелилигин арттырыў жоллары. - Т.: Низамий атындағы ТДПУ, 2009.

4. Гора П.В. Методические проблемы и средства наглядного обучения истории в средней школе. -М.: 1971.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада тарихий манбалардан дарсда самарали фойдаланиш масалалари кўриб чиқилган. Тарихий манбаларнинг турлари, қўллаш усуллари таҳлил қилинади. Дарс сифати ва самарадорлигини оширишда тарихий манбаларнинг ижобий таъсири алоҳида таъкидланади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы эффективного использования исторических источников. Даётся анализ видам, методам использования исторических источников. Особо подчёркивается положительное влияние исторических источников в повышении качества и эффективности урока.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of issues of effective using of historical sources. There is an analysis of the methods of using historical sources. The author emphasizes the positive influence of historical sources in increasing the quality and outcome of the lesson.

## ТАЛАБАЛАРНИНГ ЎҚУВ-БИЛИШ ФАОЛИЯТИНИ БОШҚАРИШ МОДЕЛЛАРИ

**Л.Х.Бектурсынова** - *тадқиқотчи*

*Низомий номидаги Тошкент давлат педагогика университети*

**Таянч сўзлар:** талаба, билиш, ўқув фаолияти, бошқариш, модел, консультант, тьютор, модератор, фасилитатор.

**Ключевые слова:** студент, учебная деятельность, управление, модель, консультант, тьютор, модератор, фасилитатор.

**Key words:** student, learning activity, management, model, consultant, tutor, moderator, facilitator.

Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2018 йил 5 июндаги “Олий таълим муассасаларида таълим сифатини ошириш ва уларнинг мамлакатда амалга оширилаётган кенг қамровлиислоҳотларда фаол иштирокини таъминлаш бўйича қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида”ги 3775-сон Қарорида янги ғоя ва ташаббусларни шакллантириш мақсадида ҳар бир олий таълим муассасасида “Ёш экспертлар гуруҳи”ни ташкил этиш, ўқув машғулотларини талабаларни инновацион фикрлашга йўналтирадиган ўқитиш технологиялари ва интерфаол услубларни жорий этиш асосида ташкил этиш, асосий эътиборни талабаларнинг мустақил таълим олиши билан боғлиқ механизмларни амалга оширишга қаратиш алоҳида вазифа сифатида белгиланди. Мазкур вазифаларни бажариш учун талабаларнинг ўқув-билиш фаолиятини самарали бошқариш ва ўқув фаолияти натижаларини ўз вақтида мониторинг қилиб боришни тақозо этади.

Маълумки, ўқув фаолияти ҳар доим ўзида уч: ҳиссий-йўналтирилган, жараёнли, назорат-баҳоловчи бўғинни қамраб олади. Шунга мувофиқ, ўқув фаолиятида қуйидаги асосий таркибий қисмлар аниқланади: мотивлар ва ўқув вазифалари, ўқув ҳаракатлари, талабаларнинг ҳаракатларини назорат қилиш ва баҳолаш. Тўлиқ маънода ўқув фаолияти ҳар доим ушбу барча таркибий қисмларнинг бирлиги ва ўзаро бир-бирига ўтишидир. В.В.Давыдов, И.Ломпшер, А.К.Маркованинг таъкидлашича, ўқув фаолияти бу фақатгина билим, кўникма ва малакаларни эгаллашгина эмас. Фаол ўқув фаолиятининг ўзига хослиги шундаки, у таълим олувчи шахси, унинг онги, унинг ақлий ва ахлоқий ривожланишида муҳим ўзгаришларга олиб келади, ёш билан боғлиқ янги психологик ўзгаришлар содир бўлади [2:72].

Е.Н.Кабанов-Меллер ўқув фаолиятининг икки томонини белгилайди: фикрлаш (мазмунли-мантиқий жиҳат) ва кузатиш, тасаввурлардан фойдаланиш (ҳиссий-эмоционал жиҳат). Унинг фикрича, ўқув фаолияти таълим олувчиларга бериладиган ўқув вазифаларини ҳал этишни ўзида акс эттиради [3,4].

Н.А.Менчинская билиш фаолиятининг асосий тури сифатида билимларни ўзлаштириш қонуниятини ишлаб чиқди; инсон фаолиятида ўқитишнинг аҳамиятини аниқлади; асосий фаолият тури сифатида белгилади, шунинг учун унинг мазмуни ва функцияларини аниқлади [4].

Талабанинг фаол фаолияти сифатида ўрганиш қонуниятлари муаммоси билан шуғулланган М.Я.Алексееванинг таъкидлашича, билимларни ўзлаштириш кўплаб психик жараёнлар (идрок, хотира, фикрлаш), талабанинг атроф-оламни билишга муносабати, бундан ташқари унинг шахсий сифатлари (ҳиссиёт, ирода, интеллект)га хосликни ўз ичига қамраб олувчи мураккаб билиш фаолиятидир [5].

Н.Ф.Талызина билиш фаолиятини икки турга ажратади: умумий ва хусусий. Билиш фаолиятининг умумий турларига ўзининг фаолиятини режалаштириш, унинг бажарилишини назорат қила олиш, мантиқий фикрлашнинг барча усуллари (таққослаш, исботлаш усуллари, тасниф қилиш ва бошқалар) билан тегишли турли соҳаларга оид билимлар билан ишлашда фойдаланилади. Билиш фаолиятининг махсус турларига Н.Ф.Талызина фақат мазкур соҳага оид билимларда қўлланиладиганларини киритади [6].

Билиш фаолияти ҳақидаги психологик адабиётларни таҳлил қилиш натижасида шундай хулосага келиш мумкин: талабаларнинг ўқув-билиш фаолиятини бошқариш ижтимоий-гуманитар, аниқ ва табиий-илмий, умумкасбий ва ихтисослик фанларини ўқитиш жараёнида амалга ошади ва касбий шаклланиш учун зарурий шарт-шароит яратилади.

Талабаларнинг ўқув-билиш фаолиятини бошқариш муаммоси ҳамма вақт педагогикада долзарб муаммо бўлиб келган. Машҳур дидактлар И.Я.Лернер ва М.Н.Скаткин ўқувчиларнинг билиш фаолиятини ташкил этиш усуллари: билимларни ўзлаштириш, билиш методлари, амалий фаолият, таълим жараёнида талабаларни тарбиялаш тарзидаги ўқитиш методларини ишлаб чиқишган [7:115-127]. Улар талабалардаги мустақил ҳаракатланиш билан боғлиқликда билиш фаолиятига кўра таълим методларини тасниф этишган: ахборот-тушунтиришли, репродуктив, муаммоли баён қилиш, қисман изланиш ёки эвристик, тадқиқотчилик.

Маълумки, ўқув жараёни модели ўзида уч таркибий қисмни акс эттиради: ўқитувчи фаолияти, талаба фаолияти ҳамда ўқитувчи ва таълим олувчиларнинг жадал ўзаро фаолияти. Ўқитувчининг талабалар билан ўзаро ҳаракатини конструктив педагогика нуқтаи назаридан қатор белгиларига кўра тасниф этиш мумкин: йўналганлигига кўра (қайта алоқалар билан ёки қайта алоқаларсиз); ахборот жараёнининг турига кўра (ўзаро ҳаракатни ташкил этишда ахборот жараёнининг йўналганлик даражаси); бошқариш ва ахборотларни узатиш воситалари турига кўра. М.Я.Алексеева мазкур уч белги асосида ўзаро ҳаракатнинг саккиз тизимини аниқлади. Ўқув жараёнига қуйилаётган замонавий талаблар ўзаро ҳаракатлар тизимидан монотизим сифатида эмас,